

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen Tdap

Sa w fèt pou w konnen

(Tetanòs,
difteri ak
koklich)

Gen anpil Bilten enfòmasyon sou vaksen nan lang panyòl ak nan anpil lòt lang. Vizite www.immunize.org/vis

Hojas de información Sobre Vacunas están disponibles en español y en muchos otros idiomas. Visite <http://www.immunize.org/vis>

1 Pouki pou w pran vaksen an ?

Maladi **tetanòs**, **difteri** ak **koklich** kapab grav anpil, menm pou adolesan ak adilt. Vaksen Tdap kapab pwoteje n kont maladi sa yo.

Tetanòs (machwè sere), dabitid, ap ba w doulè nan tout kò w paske l ap fè misk ou yo rèd ak sere.

- Li ka fè tèt ou ak kou w rèd. Sa k ap fè w pa ka ouvè bouch ou, ou pa ka vale oswa pafwa ou pa menm ka respire. Tetanòs touye apeprè 1 sou 5 moun ki gen enfeksyon an.

DIFTERI kapab lakòz yon gwo kouch fòme pa dèyè gòj ou.

- Li ka lakòz gwo pwoblèm respirasyon, paralizi, ensifizans kadyak ak lanmò.

KOKLICH lakòz tanzantan ou gen yon gwo tous ki dire, ki kapab lakòz difikilte pou respire, vomisman ak pwoblèm pou w dòmi.

- Li kapab lakòz pèt pwa, enkontinans ak frakti nan zo kòt. Jiska 2 adolesan sou 100 ak 5 adilt sou 100 ki soufri entènè entènè nan lopital oubyen gen konplikasyon tankou nemoni ak lanmò.

Se bakteri ki lakòz maladi sa yo. Se yon moun ki bay yon lòt moun difteri ak koklich lè l touse oswa estènye. Tetanòs antre nan kò moun atravè blesi, grafouyen ak plè.

Anvan vaksen an te egziste, Etazini te konn genyen jiska 200.000 ka difteri ak koklich chak lane ak plizyè santèn ka tetanòs. Depi yo te kòmanse ak vaksen an, tetanòs ak difteri bese pa apeprè 99% pousan e koklich bese pa apeprè 80%.

2 Vaksen Tdap

Vaksen Tdap ka pwoteje adolesan ak adilt pou yo pa pran tetanòs, difteri ak koklich. Dabitid yo bay premye dòz Tdap nan laj 11 oswa 12 an. Moun ki *pa t* resevwa Tdap nan laj sa sipoze resevwa l osito posib.

Tdap enpòtan sitou pou pwofesyonèl medikal ak tout moun ki gen kontak avèk tibebe ki poko gen 12 mwa.

Fanm ansent sipoze resevwa yon dòz Tdap *chak fwa* yo ansent, pou yo kapab pwoteje ti bebe a kont koklich. Se bebe yo ki gen plis risk pou koklich ba yo konplikasyon ki grav e ki ka menase lavi yo.

Yon lòt vaksen ki sanble ak Tdap a, ki rele DT, pwoteje kont difteri ak tetanòs men li pa bay pwoteksyon kont koklich. Se pou resevwa yon rapèl DT chak 10 lane. Ou ka pran Tdap kòm youn nan rapèl sa yo si w pa janm te resevwa yon dòz. Ou ka pran Tdap tou apre yon gwo blesi oubyen brili pou anpeche enfeksyon tetanòs.

Doktè a ka ba w plis enfòmasyon.

Ou ka pran Tdap menm lè ak kèk lòt vaksen san okenn pwoblèm.

3 Gen kèk moun ki pa sipoze resevwa vaksen sa

- Si w te janm gen yon alèji ki kapab mòtèl apre ou te pran yon dòz nenpòt vaksen ki genyen tetanòs, difteri ak koklich, OSWA si w gen yon gwo alèji avèk nenpòt engredyan ki nan vaksen sa, alò ou pa sipoze pran Tdap. Fè doktè w konnen si w janm gen yon gwo alèji.
- Si w te nan koma, oubyen te gen kriz malkadi long epi plizyè fwa nan lespas 7 jou apre yon dòz DTP lè w te timoun, alò ou pa sipoze pran Tdap amwenske yo te jwenn se pa vaksen an men se yon lòt rezon ki te lakoz pwoblèm sa yo. Ou ka toujou pran DT a.
- Di doktè w si:
 - ou gen epilepsi oubyen lòt pwoblèm nan sistèm nè,
 - ou te gen yon gwo doulè oubyen anflamasyon apre nenpòt vaksen ki te genyen difteri, tetanòs oubyen koklich,
 - ou te janm gen sendwòm Guillain-Barré,
 - ou pa byen nan jou ou sipoze pran piki a.



4**Risk pou gen reyaksyon genyen vaksen an**

Lè w pran nenpòt medikaman, tankou vaksen, gen yon chans pou gen efè segondè. An jeneral yo pa grav epi y ap pase poukont yo, men li posib pou gen gwo reyaksyon.

Aprè w fin pran yon vaksen ou ka endispoze; sa k ka lakoz ou pran kèk chok lè w tonbe a. Chita oubyen kouche pou apeprè 15 minit ka anpeche sa rive. Fè doktè w konnen si w gen toudisman oubyen tèt ou lejè, oubyen gen chanjman nan vizyon oubyen sirèn nan zòrèy ou.

Pwoblèm ki pa grav yo aprè Tdap

Pap anpeche w fè aktivite w yo

- Doulè kote yo ba w piki a (apeprè 3 sou 4 adolesan oubyen 2 sou 3 adilt)
- Woujè oubyen anflamasyon kote yo ba w piki a (apeprè 1 moun sou 5)
- Ti lafyèw ki omwen 100,4°F (jiska 1 sou 25 adolesan oubyen 1 sou 100 adilt)
- Maltèt (apeprè 3 ou 4 moun sou 10)
- Fatig (apeprè 1 moun sou 3 ou 4)
- Kè plen, vosmisman, dyare, doulè nan vant (jiska 1 sou 4 adolesan oubyen 1 sou 10 adilt)
- Frison, kò fè mal, doulè nan jwenti, gratèl, glann anfle (sa pa komen)

Pwoblèm modere aprè Tdap

(Anpeche w fè kèk aktivite, men ki pa nesite swen medikal)

- Doulè kote yo ba w piki a (apeprè 1 sou 5 adolesan oubyen 1 sou 100 adilt)
- Woujè oubyen anfleman nan anplasman piki a (apeprè 1 sou 16 adolesan oubyen 1 sou 25 adilt)
- Lafyèw ki omwen 102°F (jiska 1 sou 100 adolesan oubyen 1 sou 250 adilt)
- Maltèt (jiska 3 sou 20 adolesan oubyen 1 sou 10 adilt)
- Kè plen, vosmisman, dyare, doulè nan vant (maksimòm 1 oubyen 3 adilt sou 100 adilt)
- Tout bra kote yo te bay piki anfle (jiska 3 sou 100).

Pwoblèm grav aprè Tdap

(Pa kapab fè aktivite jounalye; swen medikal obligatwa)

- Anflamasyon, gwo doulè, sèyman ak woujè nan bra kote yo te bay piki a (sa ra).

Yon **gwo alèji grav** ka rive aprè nenpòt vaksen (yo estime sa kapab rive nan mwens pase 1 fwa sou yon milyon dòz)

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

Tdap VIS - Haitian Creole (5/9/13)

DCH-1281HC

AUTH: P.H.S., Act 42, Sect. 2126.

5**E si ta gen yon reyaksyon grav?****Kisa pou m siveye?**

- Siveye pou tout lòt bagay ki ta konsène w, tankou sentòm gwo alèji, gwo lafyèw ak chanjman nan konpòtman. Sentòm yon gwo alèji kapab dife volan, figi ak gòj anfle, difikilte pou respire, batman kè rapid, toudisman ak fèblès. Sa yo ta kòmanse ant detwa minit a detwa èdtan aprè vaksen an.

Kisa pou m fè?

- Si w kwè se yon gwo alèji oubyen lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oubyen mennen moun nan nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele doktè a.
- Aprè sa, yo dwe voye yon rapò reyaksyon ak vaksen an bay Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS). Doktè ka fè rapò sa oubyen li ka mande pou w fè l oumenm sou sit entènèt VAERS la nan www.vaers.hhs.gov, oubyen si w rele nimewo **1-800-822-7967**.

VAERS sèlman disponib pou fè rapò sou reyaksyon.

Yo pa bay konsèy medikal.

6**Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Moun ki Pran Domaj nan Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) se yon pwogram federal ki tabli pou dedomaje moun kèk vaksen domaje.

Moun ki kwè yo yo gen kèk odmaj akòz yon vaksen yo te pran ka jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak sou kijan pou fè yon reklamasyon lè yo rele nimewo **1-800-338-2382** oubyen vizite sit entènèt VICP a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

7**Kote m ka jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande doktè w la. 1-888-767-4687
- Rele swa departman sante piblik lokal oubyen leta a.
- Kontakte Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
 - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oubyen
 - Vizite sit entènèt CDC a nan www.cdc.gov/vaccines

Bilten enfòmasyon sou vaksen (enterimè)

Vaksen Tdap

09 me 2013

42 U.S.C. § 300aa-26

Rezève pou
departman
administratif la

